

## **BAB III**

### **MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Déskripsi Wewengkon Kampung Manis**

Kampung Manis mangrupa salah sahiji kampung di Désa Haurkuning, Kacamatan Nusahérang, Kabupatén Kuningan. Ieu kampung téh kabagi jadi dua blok, nya éta blok Karang Asem jeung blok Ciloa. Wates-watesna nya éta beulah wétan jeung Kampung Pahing, beulah kulon ngawates jeung Désa Jagara, beulah kalér ngawates jeung Kampung Wagé, sedengkeun beulah kidul ngawates jeung Désa Sakerta Timur.

Jumlah penduduk Kampung Manis dina taun 2011 nya éta aya 954 jiwa, 456 jiwa lalaki jeung 498 jiwa awéwé. Jumlah kepala kulawarga aya 397 kuren. Masarakat Kampung Manis lolobana gawé tani. Lian ti éta aya ogé nu jadi pagawé kantor, guru, patukangan, ngojeg, jsb.

Agama nu diagem ku masarakat Kampung Manis nya éta kabéhanana Islam. Jumlah masjid di éta kampung aya dua, nya éta masjid Al-Barokah jeung Masjid Al-Muhajirin. Tapi nu jadi puseur dina kagiatan kaagamaan, saperti Solat Juma'ah, Muludan, jeung Rajaban biasa dilaksanakeun di Masjid Al-Barokah.

## 3.2 Populasi jeung Sampel

Populasi jeung sampel mangrupa bagian tina prosés panalungtikan.

### 3.2.1 Populasi

*Kamus Besar Bahasa Indonesia* (2008:1204) nétélakeun ngeunaan populasi.

*“Populasi adalah (1) seluruh jumlah orang atau penduduk dalam suatu daerah; (2) jumlah orang atau pribadi yang mempunyai ciri-ciri sama; (3) jumlah penghuni baik manusia maupun makhluk hidup lainnya pada suatu satuan ruang tertentu; (4) sekelompok orang, benda, atau hal yang menjadi sumber pengambilan sampel; sekumpulan yang memenuhi syarat-syarat sampel”.*

Arikunto (2010:173) nandeskeun yén populasi nya éta sakabéh subjék panalungtikan. Saupamana nu nalungtik hayang ngayakeun panalungtikan kana sakabéh élemén nu aya dina wilayah panalungtikan, mangka panalungtikanna kaasup kana panalungtikan populasi.

Dumasar kana éta katerangan, populasi dina ieu panalungtikan nya éta sajumlahing pupujian anu kapanggih di Kampung Manis, Désa Haurkuning, Kecamatan Nusahérang, Kabupatén Kuningan.

### 3.2.2 Sampel


Dina *Kamus Besar Bahasa Indonesia* (2008:1354) disebutkeun *“Sampel adalah (1) sesuatu yang digunakan untuk menunjukkan sifat atau kelompok yang lebih besar; (2) bagian kecil yang mewakili kelompok atau keseluruhan yang lebih besar”.*

Dina ieu panalungtikan digunakeun sampel acak. Hartina sampel dipilih ku cara diacak. Nu dijadikeun sampel pupujian di Kampung Manis, Désa Haurkuning, Kecamatan Nusahérang, Kabupatén Kuningan nya éta 19 pupujian tina jumlah 37 pupujian.

### 3.3 Désain Panalungtikan

Desain Panalungtikan nya éta bagbagan prosés panalungtikan nu mangrupa studi pustaka, obsérvasi, wawancara, ngumpulkeun data, ngolah data, jeung satuluyna data dijadikeun eusi panalungtikan.

**Bagan 3.1**



### 3.4 Méthode jeung Téhnik Panalungtikan

Dina panalungtikan diperlukeun méthode jeung téhnik keur ngahontal udagan panalungtikan.

#### 3.4.1 Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan mangrupa bagian anu kawilang penting dina hiji kagiatan panalungtikan, sabab hal éta téh tarékah pikeun ngahontal udagan dina panalungtikan.

*Kamus Umum Bahasa Indonesia (2008:1022) nétélakeun ngeunaan métode. “Metode adalah (1) cara yang teratur berdasarkan pemikiran yang matang untuk mencapai maksud (dalam ilmu pengetahuan dan sebagainya); (2) cara kerja yang teratur dan bersistem untuk dapat melaksanakan akan suatu kegiatan dengan mudah guna mencapai maksud yang ditentukan”.*

Métode panalungtikan kabagi dua, nya éta métode déskriptif jeung métode inférensial. Dina métode déskriptif henteu kawatesanan ku ngumpulkeun data wungkul, tapi ngawengku analisis, klasifikasi, jeung interprétasi (Sugiyono, 2009:207).

Tujuan ngagunakeun métode déskriptif dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun atawa sangkan meunang gambaran sacara sistematis, faktual, jeung akurat ngeunaan fakta-fakta jeung sifat-sifat pupujian di Kampung Manis, Désa Haurkuning, Kecamatan Nusahérang, Kabupatén Kuningan. Dumasar kana éta tujuan, alesan digunakeun métode déskriptif nya éta hayang nyangking data tur méré gambaran ngeunaan wangun jeung eusi jeung tina pupujian nu aya di Kampung Manis, Désa Haurkuning, Kecamatan Nusahérang, Kabupatén Kuningan.

### 3.4.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta studi pustaka, obsérvasi, jeung wawancara.

#### 1) Studi Pustaka

Studi pustaka digunakeun pikeun ngumpulkeun data jeung informasi ngeunaan téori anu aya pakaitna jeung subjék panalungtikan atawa garapan panalungtikan. Dina enas-enasna, data nu geus kacangking téh bisa dijadikeun dasar jeung pakakas utama pikeun ngalaksanakeun panalungtikan.

#### 2) Obsérvasi

Obsérvasi nya éta niténan langsung hiji objék anu bakal ditalungtik. Dina kagiatan panalungtikan, obsérvasi bisa dilakukeun ku cara tés, kuésionér, rékaman gambar, jeung rékaman sora (Arikunto, 2010:272).

Téhnik obsérvasi dilakukeun sangkan aya gambaran anu nyata ngeunaan kaayaan pupujian di daérah anu keur ditalungtik. Dina ieu hal, panalungtik bisa salaku panitén ku cara ngalibetkeun diri sacara langsung dina situasi nu keur ditalungtik.

#### 3) Wawancara


Téhnik wawancara nya éta téhnik ngumpulkeun data nu digunakeun dina panalungtikan. Pungsina keur méré katerangan-katerangan lisan, ku cara komunikasi langsung jeung jalma méré katerangan kana panalungtikan.

#### 4) Sadap Rékam

Sadap rékam mangrupa téhnik ngarékam pupujian nu dihariringkeun ku narasumber. Dina ieu hal, alat rékam nu dipaké téh nya éta hapé. Waktu

narasumber ngamimitian ngaharingkeun pupujian, hapé dideukeutkeun kana sumber sora (baham), sangkan sora nu dihasilkeun tina hasil ngarékam bisa nyugemakeun.

Téhnik wawancara jeung sadap rékam ngaliwatan komunikasi langsung jeung masarakat, ibu-ibu pangaosan, jeung jamaah masjid Al-Barokah nu aya di Kampung Manis, Desa Haurkuning, Kecamatan Nusahérang, Kabupatén Kuningan. Téhnik wawancara digunakeun sangkan meunang data ngeunaan pupujian. Format wawancara dina ieu panalungtikan saperti kieu:



## FORMAT WAWANCARA

Ngumpulkeun Data Pupujian di Kampung Manis Désa Haurkuning

Kecamatan Nusahérang Kabupatén Kuningan

No. Narasumber:

### A. Data Narasumber

1. Ngaran :
2. Umur :
3. Jenis Kelamin :
4. Pakasaban :
5. Kalungguhan :
6. Padumukan :

### B. Data Pupujian

1. Judul Pupujian :
2. Rumpaka Pupujain :
3. Dinadomkeunana :  
(Iraha, di mana, jeung  
dina acara naon)

Kuningan, Januari 2012

Nu nalungtik,

Didin Sholehuddin

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta cara atawa pakakas anu digunakeun ku anu nalungtik dina enggoning ngumpulkeun data, sangkan pagawaéana leuwih gampang tur hasilna ogé leuwih hadé, dina harti leuwih gancang, lengkep, jeung sistematis sangkan datana leuwih gampang diolah (Arikunto, 2010:203).

Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Sajumlahing pertanyaan anu diasongkeun atawa ditanyakeun ka narasumber.

Pertanyaanna nya éta:

- a) Naon waé judul pupujian nu dipikauninga ku Bapa/Ibu?
  - b) Kumaha rumpaka pupujianna?
  - c) Iraha, sareng dina acara naon pupujian éta dihariringkeun?
- 2) Alat rékaman (hapé), digunakeun dina ngumpulkeun data teks pupujian di Kampung Manis, Désa Haurkuning, Kecamatan Nusahérang, Kabupatén Kuningan. Data anu geus dirékam tuluy ditranskripsikeun kana tulisan pikeun satuluyna diolah.

### 3.6 Léngkah-léngkah Panalungtikan

Rarancang garapan dina ieu panalungtikan ngawengku opat tahap nya éta:

- 1) Tahap tatahar,
- 2) Tahap ngumpulkeun data
- 3) Tahap ngolah data, jeung
- 4) Tahap nyusun laporan.



### 3.6.1 Tahap Tatahar

Kegiatan anu dilaksanakeun dina tahap tatahar ngawengku:

- 1) Nangtukeun judul panalungtikan,
- 2) Nyieun proposal panalungtikan
- 3) Konsultasi jeung dosén pangaping, jeung
- 4) Ngaréngsékeun surat ijin panalungtikan.

### 3.6.2 Tahap Ngumpulkeun Data

Kegiatan dina tahap ngumpulkeun data ngawengku:

- 1) Obsérvasi
- 2) Wawancara, jeung
- 3) Ngumpulkeun data anu aya patalina jeung panalungtikan.

### 3.6.3 Tahap Ngolah Data

Sabada ngumpulkeun data, data anu geus dikumpulkeun téh satuluyna diolah dumasar kana téhnik-téhnik ngolahna anu geus dipedar tiheula.

Léngkah-léngkahna nya éta:

- 1) Nyusun data,
- 2) Nganalisis data, jeung
- 3) Nyieun kacindekan analisis.

### 3.6.4 Tahap Nyusun Laporan

Tahap nyusun laporan mangrupa tahap pamungkas sanggeus data diolah jeung dianalisis. Sanggeus panalungtikan diolah ahirna disusun kalawan puguh éntép seureuhna dina wangun skripsi.

